Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьинчІого, рахІат бокьарас,
БекьинчІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 36 (6922) 23 сентябрь 2024 с. Итни РабигІул авал 1446 с. Багьа - эркенаб



ДИНАЛЪУЛЪ БУГО ХВАСАРЛЪИ

## МахІачхъалаялда – бакълъулазул мажлис

### РабигІул авал кІодо гьабуна

**Жинда жанив хирияв МухІамад авараг ﷺ гьавурав рабигІул авал моцІ байбихьиялъул хІурматалда араб анкьалъ ГІиса аварагасул цІар кьураб рухІияб централда бакълъулазул мавлид-мажлис тІобитІана. Гьениб гІахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул бетІер Гъалип Гъалиповас, исламиял гІелмабазул доктор Шигьабудин ХІусеновас ва цогидаз. Баркиялъулаб кІалъаялъулъ районалъул нухмалъулес баян гьабуна цІиял гІелазул рухІияб рахъ бечед гьаби щивасул борч букІин.**

«ХІурматиял бакълъулал! РакІ-ракІалъ баркула нужеда тІаде щвараб рабигІул авал. Аллагьас щивасе кумек гьабеги бацІцІадаб гІибадаб гьабизе ва гьеб цІунизе.

Бихьинчилъи, гьунар тІокІлъи, ВатІан цІунизе гьира букІин – бакълъулазул хаслъи. Жакъаги нилъеца хІаракат бахъулеб буго улкаялъул гІорхъалаби къиматаб даражаялда цІунизе. СВОялъул мухъалда бихьизабулеб буго бахІарчилъи. Рагъулаб борч борхулаго, нилъедаса ратІалъаралги руго. Алжан насиблъаги гьезие.

Бакълъул районалда рукІана ва руго гІемерал диниял хІаракатчагІи. Даим рекІелъ хутІила ЦІиликьа СайгидмухІамад Абубакаров. Жакъа динияб, жамгІияб рахъ цебетІезе мурадалда хІалтІулев вуго шайих АхІмад ГІабдулаев (къ. с.) ва цогидал. Гьаб хирияб моцІалъ гьарула бакълъулазе цолъи, щулияб сахлъи ва сундулъго цебетІей»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Бакълъулазда рабигІул авал тІаде щвей гьединго баркана машгьурал диниял хІаракатчагІи МухІамад Сулеймановас, МухІамад МухІамадовас (Урминский), районалъул имамас, хІурматиял гьалбаз ва цогидаз.

Мавлид-мажлисалда бакълъулазда гьоркьор ГІумраялде микьго путёвкаялъе розыгрышги гІуцІана. Тадбир тІобитІараз мажлисалда гІахьаллъарал бакълъулазе, гьалбадерие ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна.

**Зугьра ГІабдулкъадирова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Гъалип Гъалипов: «РакІ-ракІалъ баркула киназдаго террористаздаса гІагараб ракь цІунаралдаса 25 сон ин»**

- 2 гьум.



**Гъалип Гъалиповас цІилкьадерил школалъе теннисалъул стол сайгъат гьабуна**

- 2 гьум.



**ЧІиркъатІа: ДРялъул Муфтий АхІмад ГІабдулаевас 65 сон баялъул хІурматалда – эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир**

- 2 гьум.



**Республикаялъулаб волейболалъул турниралда – 3-леб бакІ**

- 2 гьум.



Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-хIажи

№ 36 23 сентябрь 2024 с.

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Гъалип Гъалипов: «РакI-ракIалъ баркула киназдаго террористаздаса гIагараб ракь цIунаралдаса 25 сон ин»

### ХIажаталъур ратарал

**1999-абилеб соналъул август-сентябрь моцIазда Дагъистаналде тIаде кIанцIарал халкъазда гьоркьосел террористал щущахъ рихизаруралдаса 25 сон иналъул хIурматалда батIи-батIиял тадбирал тIоритIана араб анкьалъ Бакълъул ракьалда.**




Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас, хIурматиял гьалбаз, администрациялъул, федералиял, республикаялъулал идарабазул вакилзабаз КIудияб ВатIанияб рагъул ветераназул хIурматалда бараб памятникалда цебе тIугьдузул горал лъуна ва ВатIан цIунулаго рухI кьурал, сакъатлъарал ракIалде щвезаруна.

Гумбет районалъул администрациялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ хадуб тIобитIана рохалилаб байрам. Гьеб байбихьана Дагъистаналъул маданиялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировас хIадур гьабураб «1999-абилеб соналъул кьогIаб рии» абураб документалияб фильм бихьизабиялдасан.

ГIагараб ракь террористаздаса цIунаралдаса 25 сон ин ракьцоязда баркана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас, 1999-абилеб соналъ Бакълъул районалъул РОВДялъул нухмалъулевлъун вукIарав милициялъул подполковник ГIабдулатIип ГIабдулатIиповас, гIандадерил харабазул гIуцIиялъул нухмалъулев, гIандадерил мухъ цIунизе гIуцIараб ополченцазул къокъаялъул вукIарав командир ГIабдулжалил МухIамадовас, ЦIиликь росдал ополченцазул цевехъан МухIамад Абулмуслимовас, Килалъа АхIмад Каримовас, МелъелтIаса СагIадула ХIажимухIамадовас ва цогидаз.

Гьез баян гьабуна хъачагъазде данде рагъ баялъулъ дагъистанияз бихьизабураб цолъиялъул, гъункиялъул. «Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго кIвар цIикIкIараб тарих. Дагъистаналъул киналго халкъаз гIадин, нилъецаги кIодо гьабулеб буго 1999-абилеб соналъ ккарал лъугьа-бахъиназулъ бергьенлъи боси.

РакI-ракIалъ баркула киназдаго террористаздаса гIагараб ракь цIунаралдаса 25 сон ин. Гьарула сундулъго бергьенлъи, икъбал ва цебетIей», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Гумбет районалъул нухмалъулес тадбиралда гьединго 1999-абилеб соналъул лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIазе шапакъатал, СВОялъул рагъухъабазул лъималазе «Детский мир» тукадул «Цогояб Россия» партиялъул цIаралдасан 5 000 гъурщил сертификаталги кьуна.

**Макка МухIамадова**

ЛЪАЙКЬЕЙ ЦЕБЕТIЕЙ

## Гъалип Гъалиповас цIилкьадерил школалъе теннисалъул стол сайгъат гьабуна

### Спортивияб тIагIелалдаса лъималаз пайда босулеб буго

ЦIиликь росдал гьоркьохъеб школалъе Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас теннисалъул стол сайгъат гьабуна. Гьеб цIалул идараялъул директор Мурадбег ХIажибековасул рагIабазда рекъон, спортивияб тIагIел школалде щвана ва цIалдохъабаз пайда босулеб буго.

ХIажибековас школалъул коллективалъул рахъалдасан муниципалитеталъул бетIерасе баркала загьир гьабуна лъимал церетIезе квербакъулеб тIагIел цIалул идараялъе сайгъат гьабуралъухъ.

«Гьанже нижер цIалдохъабазул рес буго теннис хIазе ва пайдаялда переменаялъул заман биччазе. Киназдаго лъала спортивиял рахъал церетIезариялъулъ бугеб лъикIлъи. ЦIалдохъабазги ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго районалъул бетIерасе. Хьул буго цIалулъ ва спорталъул рахъалъ цIалдохъабазул хIасилал жеги лъикIлъилелин»,- ян абуна Мурадбег ХIажибеговас.

**Макка МухIамадова**

ГУМБЕТ СПОРТИВИЯБ

## ЧIиркъатIа: ДРялъул Муфтий АхIмад ГIабдулаевас 65 сон баялъул хIурматалда – эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир

**ЧIиркъатIа росулъ бугеб спортивияб залалда 2008-2009-абилел соназ гьарурал васазда гьоркьор эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул Муфтий АхIмад ГIабдулаевас 65 сон баялъул хIурматалда турнир тIобитIана.**

Спортивияб тадбиралда гIахьаллъараздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, ЧIиркъатIа росдал нухмалъулесул ишал тIуралев ГIабдулгIазиз Загьидовас, районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комитеталъул нухмалъулев Салман Сурхаевас, росдал имам МухIамадрасул МухIамадовас ва цогидаз.

Турниралъул хIасилалда тIоцебесеб бакI босана ХIосен Сабуевас, Аслан ХIажиевас, ГIабдула ГIабдулахIажиевас, ХалиласхIаб СагIадуевас, ХIадис ХIадисовас, ГIабдула СагIадуевас, МухIамад ГIаб-дулгъаниевас ва МухIамад Расуловас.

КIиабилеб бакI щвана МухIамад Юсуповасе, МухIамад МухIамадбакировасе, Ибрагьим Исламдибировасе, Шамил АхIмадовасе, МухIамад Шапиевасе, ХIасан ГIисаевасе ва МухIамад АхIмадовасе.




Лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Муртазали Мирзаев, Бияхъай МухIамадтIаминов, Шамил СултанмухIамадов, МухIамад МухIамадтIаминов, ИсмагIил Гьимбатов, ХIажимухIамад МухIамадов, Фарид ГIалиев, Ражаб ГIабдурахIманов, Адам Сулейманов ва Насрудин АхIмадов.

Турнир гIуцIана чIиркъдерил хIаракатчагIазул, депутатазул, росдал бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулгIазиз Загьидовасул кумекалдалъун.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ГУМБЕТ СПОРТИВИЯБ

## Республикаялъулаб волейболалъул турниралда – 3-леб бакI

**Дагъистаналъул Муфтий, шайих АхIмад ГIабдулаевасул (къ. с.) призазе гIоло тIобитIараб республикаялъулаб волейболалъул турниралда бакълъулазул командаялъе лъабабилеб бакI щвана. Тадбир гIуцIун букIана Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялъул хIурматалда.**

Турнир гIуцIана МахIачхъала шагьаралъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул комитеталъ, Дагъистаналъул волейболалъул Федерациялъ ва «Зебра» КСКалъ.



Бакълъулазул командаялда гьорлъ гьединго хIана муниципалитеталъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комитеталъул специалист ХIусен МухIамадов.

Бергьерал ва призовиял бакIал ккурал командабазе кубокал, медалал ва гIарцулал сайгъатал кьуна. Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас къиматаб лъабабилеб бакI щвараб муниципалитеталъул командаялда баркана ва нахъеккунги церетIеял гьарана.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав

№ 36 23 сентябрь 2024 с.

РИТМ ГУМБЕТА

# Гумбетовцы приняли участие в республиканском мероприятии, посвящённом 25-летию разгрома террористов

**Выходцы из Гумбета, ополченцы, участники событий августа-сентября 1999 года, представители региональной и муниципальной власти приняли участие в республи-**



**канском мероприятии, посвящённом 25-летию разгрома террористов, состоявшемся в Каспийске, во Дворце спорта и молодёжи имени Али Алиева.**

Среди гумбетовцев, посетивших данное мероприятие, – заместитель Председателя Народного Собрания РД Сайгидахмед



Ахмедов, Муфтий Дагестана шейх Ахмад Афанди (къ.с.), заместитель председателя Комитета НС РД по образованию и науке Абдулвахид Лабазанов, полковник в отставке Пайзула



Расулов, председатель Гумбетовского отделения «Боевого братства», член Общественной палаты РД Магомедрасул Сулейманов, руководитель Регионального отделения ОООВИ «ВоИн» в РД, эксперт Регионального отделения Народного фронта Иса Исаев, председатель местного отделения ДРОО ИВА – «Инвалиды войны» по Гумбетовскому району Умарасхаб Булатханов, руководитель аварской секции Союза писателей Дагестана Гамзат Изудинов, депутат Собрания депутатов Гумбета Сайпилав Магомедов, член Общественного совета при главе Гумбетовского района Ахмед Каримов и другие.

Представители Гумбета в ходе мероприятия также встретились с матерью первого Героя России СВО Нурмагомеда Гаджимагомедова Сапижат Мазаевой. Отметим, что в рамках празднования 25-летия разгрома террористов и Дня единства народов Дагестана во Дворце спорта и молодёжи имени Али Алиева выступили замруководителя Администрации Президента РФ Магомедсалам Магомедов, Полномочный представитель Президента РФ в СКФО Юрий Чайка, Глава РД Сергей Меликов, экс-президент Дагестана Муху Алиев и другие.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Ко Дню единства народов Дагестана учащиеся Чиркатинской школы посетили Гумбетовский филиал Национального музея РД

**В честь Дня единства народов Дагестана учащимся Чиркатинской средней школы организовали экскурсию в Гумбетовский филиал Национального музея РД им. Алибека Тахо-Годи.**



Дети с большим интересом рассматривали экспонаты музея. Прикоснуться к прошлому – это всегда увлекательно и познавательно. В книге «Мой Дагестан» Расул Гамзатов писал: «Если ты выстрелишь в прошлое из пистолета, будущее выстрелит в тебя из пушки». Знание истории своего рода и Родины является чертой богобоязненного мусульманина.

В музей детей привела учительница аварского языка и литературы Чиркатинской СОШ Алписат Магомедова.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# Отдел МВД России по Гумбетовскому району сообщает о вступивших в силу изменениях в сфере миграции

**Уважаемые жители Гумбетовского района!**

**Отдел МВД России по Гумбетовскому району сообщает о вступивших в силу изменениях в сфере миграции, а именно, о содействии ФГУП «ПВС» МВД России подразделениям по вопросам миграции при предоставлении государственных услуг на территории Республики Дагестан**

23 июня 2024 года вступил в силу Федеральный закон от 25 декабря 2023 года № 648-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации».

Федеральный закон наделяет дополнительными полномочиями ФГУП «ПВС» МВД России в рамках оказания содействия МВД России, его территориальным органам и представительствам (представителям) за рубежом, предусмотренными ч. 12 ст. 8, ч. 1 ст. 25.8-1 Федерального закона № 114-ФЗ «О порядке выезда из Российской Федерации и въезда в Российскую Федерацию», абзацем 7 ч. 1 ст. 11 Федерального закона от 25 июля 1998 года № 128-ФЗ «О государственной дактилоскопической регистрации в Российской Федерации», п. 1 и 2 ст. 4.1 Федерального закона № 115-ФЗ «О правовом положении иностранных граждан в Российской Федерации», ч. 6 ст. 8 Федерального закона № 109-ФЗ «О миграционном учете иностранных граждан и лиц без гражданства в Российской Федерации», ч. 2 ст. 29 Федерального закона № 138-ФЗ «О гражданстве Российской Федерации».

Положениями Федерального закона расширяется практика привлечения ФГУП «Паспортно-визовый сервис» Министерства внутренних дел Российской Федерации к оказанию содействия подразделениям по вопросам миграции в проведении обязательной государственной дактилоскопической регистрации иностранных граждан и их фотографировании, осуществлении полномочий по предоставлению государственных услуг в сфере миграции в части приема заявлений, необходимых для выдачи виз, приглашений, разрешений на временное проживание, в том числе в целях образования, для выдачи или замены видов на жительство (за исключением вида на жительство лица без гражданства, содержащего электронный носитель информации), разрешительных документов для осуществления трудовой деятельности, заграничного паспорта гражданина Российской Федерации (за исключением паспорта, содержащего электронный носитель информации), а также в приеме заявлений о регистрации иностранного гражданина по месту жительства и уведомлений о прибытии иностранного гражданина в место пребывания.

Кроме того, вышеуказанная организация задействована в приеме:

заявлений по вопросам гражданства Российской Федерации, подаваемых на территории Российской Федерации;

уведомлений о приобретении гражданства (подданства) иностранного государства либо получении вида на жительство или иного документа, подтверждающего право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства;

уведомлений об утрате гражданства (подданства) иностранного государства либо вида на жительство или иного документа, подтверждающего право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства;

заявлений, ходатайств о продлении срока временного пребывания иностранного гражданина в Российской Федерации;

уведомлений от иностранных граждан о подтверждении своего проживания в Российской Федерации (отметка в отрывной части бланка уведомления о прибытии иностранного гражданина в место пребывания, проставляемая в установленном порядке ФГУП «ПВС» МВД России, будет являться подтверждением выполнения принимающей стороной и (или) иностранным гражданином действий, необходимых для его постановки на учет по месту пребывания);

уведомлений от работодателя или заказчика работ (услуг), привлекающих и использующих для осуществления трудовой деятельности иностранного гражданина, о заключении и прекращении (расторжении) с данным иностранным гражданином трудового договора или гражданско-правового договора на выполнение работ (оказание услуг);

уведомлений об исполнении обязательств по выплате заработной платы (вознаграждения) высококвалифицированным специалистам;

уведомлений об осуществлении трудовой деятельности от иностранных граждан, осуществляющих трудовую деятельность на основании патентов;

**М. З. Гусейнов,
врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району
майор внутренней службы**

РИТМ ГУМБЕТА

## Сайгидахмед Ахмедов и Галип Галипов почтили память защитников Отечества, павших в Новолакском районе

**Заместитель Председателя Народного Собрания РД Сайгидахмед Ахмедов и глава Гумбетовского района Галип Галипов почтили память защитников Отечества, павших в Новолакском районе в августе-сентябре 1999 года.**



Напомним, что гумбетовцы внесли весомый вклад в отражение нападения международных террористов на Дагестан и принимают участие в мероприятиях, посвящённых 25-летию тех событий.

Памятные мероприятия в Новолакском районе прошли под руководством Главы Дагестана Сергея Меликова. В них также приняли участие Председатель Народного Собрания РД Заур Аскендеров, члены Правительства РД и другие.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Разъяснения о порядке компенсации части стоимости обучения детей из многодетных семей

**Минтрудом Дагестана осуществлена выплата компенсации расходов на платные образовательные программы на 32-х детей из многодетных семей с низкими доходами. Министерство труда напоминает многодетным малоимущим семьям о компенсации части затрат на обучение детей по образовательным программам среднего профессионального образования на платной основе, в соответствии с Постановлением Правительства РД.**




Размер компенсации стоимости обучения на детей из многодетных семей, имеющих пять и более детей, составляет 30%, на детей из многодетных семей, имеющих менее пяти детей 20 %.

Право на предоставление компенсации имеют многодетные семьи, в составе которых трое и более детей в возрасте до 18 лет, в том числе усыновленных (удочеренных), находящихся под опекой (попечительством), совместно проживающих с родителями (опекунами, попечителями) или с одним из них.

За период реализации программы в органы соцзащиты за поддержкой обратились 32 дагестанские семьи. Общая сумма выплаченных компенсаций на 36 студентов составила 481 тыс. рублей.

Если на день обращения за компенсацией в многодетной семье один или несколько детей достигли возраста 18 лет, за семьей сохранится право на компенсацию, при условии, что совершеннолетние дети обучаются в организации, осуществляющей образовательную деятельность по имеющим государственную аккредитацию образовательным программам среднего профессионального образования, по очной форме обучения, и не достигли возраста 23 лет.

**Минтруда РД**

РИТМ ГУМБЕТА

## До 10 тыс. рублей неистраченного остатка маткапитала можно будет получить по заявке

**Председатель правительства РФ Михаил Мишустин подписал постановление, разрешающее получать до 10 тыс. рублей неистраченного остатка материнского капитала, оформив заявку на портале госуслуг, почте или в МФЦ, сообщает РИА «Дагестан».**

всегда могут. Теперь, в случае если такие средства не превышают 10 тыс. рублей, получить их можно в виде единовременной выплаты. Для этого нужно будет всего лишь подать заявление через портал государственных услуг либо обратиться в МФЦ, а также по почте, - рассказал Мишустин.




О решении кабмина премьер сообщил на совещании со своими заместителями. «Зачастую на счету материнского капитала образуются остаток. И, конечно, родители хотели бы им воспользоваться, но не

Подробно по ссылке:https://riadagestan.ru/news/society/do_10_tys_rubley_neistrachennogo_ostatka_matkapitala_mozhno_budet_pol

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Об ответственности за несанкционированное потребление газа

**В рамках подготовки к отопительному периоду ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает о недопустимости самовольных подключений отопительных приборов к системе газоснабжения для отопления домов и помещений.**




Самовольное подключение создает угрозу возникновения нештатных ситуаций, которые могут повлечь за собой человеческие жертвы и значительные материальные потери. Также в результате несанкционированного отбора газа падает давление в системе газоснабжения жилых домов населенного пункта, что отрицательно сказывается на работе газовых приборов добросовестных абонентов.

За несанкционированное подключение к газовым сетям и незаконное потребление газа законодательством предусмотрены административная и уголовная ответственность. Гражданам, ранее привлеченным к административной ответственности, за повторное самовольное подключение к газопроводу грозит уголовная ответственность. Помимо этого, абонент полностью возмещает причиненный поставщику газа ущерб и оплачивает расходы газораспределительной организации на проведение работ по ликвидации несанкционированного подключения.

Для газоснабжения дома или коммерческого помещения, а также теплиц, птичников и проч. с использованием газа на законных основаниях, жителям необходимо обращаться с заявлением в адрес поставщика газа.

Важно помнить, что газовое оборудование требует крайне аккуратного обращения. Неправильная эксплуатация или неисправность оборудования могут привести к непоправимым ситуациям. Статистика показывает, что чаще всего к беде приводит человеческий фактор.

Также потребители газа должны помнить о важности допуска сотрудников газовых служб для проверок газового оборудования и своевременной его замене,. Напоминаем, что в апреле 2024 года вступил в силу закон, ужесточающий наказание за нарушение правил использования газового оборудования и его самовольную замену, согласно которому, штрафы за несанкционированные работы выросли в десятки раз.




Самостоятельная установка или замена плит и другого газового оборудования без привлечения специализированной организации не допускается. За подобные действия предусмотрен штраф.

Для собственной безопасности и безопасности окружающих доверяйте подключение к газоснабжению, установку и замену газовых приборов только сотрудникам специализированной газораспределительной организации.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.